



Pou Piblikasyon Imedya: 13/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YON KATRIYÈM REJYON TE RANPLI KONDISYON YO POU RE-OUVRI NAN DAT 15 ME**

*North Country rejwenn Rejyon Finger Lakes, Southern Tier ak Mohawk Valley, ki satisfè 7 paramèt yo egzije yo pou kòmanse plan re-ouvèti a apre dekrè NYS an POZ yo ekspire nan dat 15 me a*

*Tablodbò siveyans rejyonal la ki montre ki kantite metrik chak rejyon te atenn pou re-ouvri disponib isit la*

*Rezilta sondaj sou tès antikò sou 2,750 manm lapolis Eta New York montre 3.1 pousan gen antikò COVID-19 yo*

*Rezilta sondaj sou tès antikò sou apeprè 3,000 manm Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè Eta New York montre 7.5 pousan gen antikò COVID-19 yo*

*Konfime 2,176 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 340,661; gen nouvo ka nan 47 Konte*

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke apati jodi a, North Country satisfè tout sèt paramèt ke yo egzije yo pou kòmanse premye faz nan plan rejyonal nan kad re-ouvèti eta lè dekrè NYS an POZ yo ekspire nan dat 15 me a, ap rejwenn Rejyon Finger Lakes, Southern Tier ak Mohawk Valley. Si tandans lan kontinye, kat rejyon sa yo ka kòmanse ouvri biznis pou premye faz la, ki gen ladan konstriksyon; manifakti ak chèn apwovizyonman an gwo; vant an detay pou ramasaj twotwa ak depo ak ramasaj nan magazen; ak agrikilti, forè ak lapèch. Rejyon New York Santral satisfè sis nan sèt paramèt yo e yo ka pare nan fen semèn nan. Yon gid sou Plan "NY Forward Reopening" eta a disponib isit la. Tablodbòd siveyans rejyonal eta a disponib isit la.

Gouvènè a te anonse tou rezilta sondaj sou tès antikò eta a sou 2,750 manm Lapolis Eta New York montre 3.1 pousan gen antikò COVID-19 yo. Anplis de sa, rezilta sondaj sou tès antikò eta a sou apeprè 3,000 manm Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè Eta New York montre 7.5 pousan gen antikò COVID-19 yo. Rezilta sa yo konpare ak 12.3 pousan popilasyon jeneral nan Nò Eta New York ki te teste pozitif pou antikò COVID-19.

"Pliske kantite chif yo kontinye deklive epi nou ap desann nan lòt bò pant lan, kounye a, gen anpil atansyon sou re-ouvèti a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou ap fè yon bagay nan eta sa a ke pa gen okenn lòt eta ki ap fè li - nou ap fè yon diskisyon

transparan sou operasyon re-ouvèti yo paske sa ap mache sèlman si moun yo konprann epi entegre li. Nouyòkè yo pral konnen egzakteman kisa k'ap pase nan rejyon yo ak nan konte yo sou yon baz kotidyen, epi eta a pral kontinye kontwole paramèt sa yo pou detèmine kilè rejyon yo pare pou re-ouvri epi si nou bezwen ajiste plan re-ouvèti yo. Kounye a gen kat rejyon ki deja satisfè tout sèt paramèt yo egziye yo pou kòmanse re-ouvèti a, epi nou pral kontinye kenbe Nouyòkè yo enfòmè pandan pwosesis sa a ap avanse."

Finalman, Gouvènè a te konfime 2,176 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 340,661 ka konfime nan Eta New York. Nan total 340,661 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	1,494	15
Allegany	44	2
Broome	382	3
Cattaraugus	61	0
Cayuga	60	0
Chautauqua	43	1
Chemung	132	1
Chenango	112	0
Clinton	78	1
Columbia	318	4
Cortland	31	1
Delaware	66	1
Dutchess	3,429	30
Erie	4,606	76
Essex	32	0
Franklin	17	0
Fulton	140	5
Genesee	174	0
Greene	206	0
Hamilton	5	0
Herkimer	84	3
Jefferson	68	0
Lewis	11	0
Livingston	103	1
Madison	253	2
Monroe	1,959	69
Montgomery	68	1
Nassau	38,587	153

Niagara	690	19
NYC	187,250	1,127
Oneida	686	10
Onondaga	1,395	87
Ontario	109	2
Orange	9,693	61
Orleans	142	9
Oswego	76	0
Otsego	67	0
Putnam	1,108	10
Rensselaer	420	4
Rockland	12,543	39
Saratoga	410	3
Schenectady	587	6
Schoharie	47	1
Schuyler	8	0
Seneca	49	0
St. Lawrence	192	1
Steuben	230	1
Suffolk	37,305	243
Sullivan	1,135	16
Tioga	108	1
Tompkins	136	4
Ulster	1,481	16
Warren	223	2
Washington	214	4
Wayne	84	1
Westchester	31,611	139
Wyoming	77	0
Yates	22	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)